

**PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP)  
FÓM DEMANN REPREZANTAN OTORIZE**

**Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa enstriksyon sa yo nan yon lòt fòma, ou ka mande youn nan distri sèvis sosyal ou a. Pou w jwenn enfòmasyon anplis osijè kalite fòma ki disponib, kontakte distri sèvis sosyal ou oswa vizite [www.otda.ny.gov](http://www.otda.ny.gov).**

**Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav, èske ou ta renmen resevwa avi alekri nan yon lòt fòma?        Wi        Non**

**Si Wi, tcheke kalite fòma ou ta renmen:        Gwo Karaktè        Done CD  
Odyo CD        Bray, si ou afime ke okenn nan lòt fòma yo pap efikas pou ou.**

**Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, tanpri kontakte distri sèvis sosyal ou.**

Non Moun ki Aplike/Benefisyè:	Adrès Moun ki Aplike:
Nimewo Dosye Aplikan/Benefisyè:	

**REPREZANTAN OTORIZE-** Ou kapab otorize yon moun ki konnen sikontans kay ou pou **aplike** pou avantaj SNAP pou ou. Ou kapab otorize yon moun ki pa lakay ou pou itilize avantaj SNAP ou pou achte manje pou ou. Si ou ta renmen otorize yon moun, pou youn nan rezon sa yo, ou dwe fè sa alekri. Ou ka fè sa depi ou ekri non moun nan, adrès ak nimewo telefòn li anba la a an lèt detache nan lòt paj fòm sa a.

Non Reprezantan Otorize:	Adrès Reprezantan Otorize:
Nimewo Telefòn Reprezantan Otorize:	

Mwen otorize moun ki endike anwo a pou pran desizyon kòm reprezantan mwen jiskaske mwen revoke otorizasyon sa, pou rezon ki tcheke anba la a. Mwen rekonèt si mwen pa koche nenpòt nan kazyé ki anba la, reprezantan otorize mwen ap gen otorizasyon pou fè tout fonksyon ki endike toupre kazyé yo. Mwen konprann ke mwen ka anile tout otorizasyon sa a oswa yon pati ladan nenpòt kilè depi mwen fè distri zòn mwen konnen sa alekri.

**Tanpri tcheke**         Aplikasyon pou Avantaj SNAP         Pou itilize avantaj SNAP mwen (kat EBT) pou achte manje pou mwen  
**Kazyé (yo) Apwopriye**         pou Resètifikasyon Avantaj SNAP         Tout sa ki anwo a

**AVÈTISMAN POU SANKSYON NAN SNAP** - Ofisyèl federal, ofisyèl Eta a oswa ofisyèl lokal yo ap verifye nenpòt enfòmasyon ou bay anrapò avèk aplikasyon ou pou SNAP. Si gen nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk, ou ka jwenn refi pou resevwa SNAP. Yo ka pouswiv ou kòm kriminèl si ou fè espre pou bay enfòmasyon ki pa kòrèk ki afekte elijiblite w oswa kantite lajan benefis. Nenpòt moun ki vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète pwovizwa oswa nenpòt moun ki sove pou evite pouswit, gad oswa anprizonman pou yon krim e lapolis ap pouswiv li pa kalifye pou resevwa avantaj SNAP.

## AVÈTISMAN AMANN SNAP (kontinye)

Si yo jwenn yon manm kay SNAP te komèt yon Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram lan (IPV), manm lan pap ka resevwa avantaj SNAP pou yon peryòd:

- 12 mwa pou premye SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou dezyèm SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou premye SNAP-IPV a, ki baze sou yon pwosè moun nan te itilize oswa resevwa avantaj SNAP nan yon tranzaksyon ki gen ladann vant yon sibstans kontwole. (Medikaman ilegal oswa sèten medikaman yo mande yon preskripsyon doktè.)
- 120 mwa, si yo jwenn ou koupab fo deklarasyon sou ki moun ou ye ak ki kote w ap viv pou jwenn plizyè avantaj SNAP anmenmtan, sòf si ou diskalifye pou toutan pou yon twazyèm IPV.

Mete sou sa, yon tribinal ka bloke yon moun nan patisipe nan SNAP pou yon lòt 18 mwa.

Diskalifikasyon pèmanan yon moun pou:

- Premye SNAP-IPV a ki baze sou yon pwosè pou itilizasyon oswa resevwa avantaj SNAP an yon tranzaksyon ki gen ladann vant zamafe, minisyon oswa bonb;
- Premye SNAP-IPV a ki baze sou yon kondanasyon tribunal pou trafik avantaj SNAP pou yon kantite kombine \$500 oswa plis (Trafik la gen ladann itilizasyon ilegal, transfè, akizisyon, alterasyon oswa posesyon kat otorizasyon SNAP oswa aparèy aksè);
- Dezyèm SNAP=IPV baze sou yon pwosè yon moun te itilize oswa te resevwa avantaj SNAP nan yon tranzaksyon ki konsène vant yon sibstans kontwole. (Medikaman ilegal oswa sèten medikaman yo mande yon preskripsyon doktè);
- Tout twazyèm Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram SNAP.

Nenpòt benefisyè SNAP ki founi ak konesans enfòmasyon enkòrèk kounye a kapab tou gen yon amann \$250,000, pran prizon pou jiska 20 lane oswa toulede. Moun nan ka tou sibi pouswit dapre lwa aplikab Federal ak Eta.

Yo ka jwenn ou pa kalifye pou SNAP oswa yo jwenn ou koupab pou yon IPV si:

- Ou fè yon deklarasyon oswa kap endwi moun nan erè, oswa mal reprezante, kache oswa kache bagay pou kalifye pou resevwa avantaj oswa plis avantaj; oswa
- Achte yon pwodui avèk avantaj SNAP avèk entansyon pou jwenn lajan kach lè ou entansyonèlman jete pwodui a epi retounen kontenè a pou kantite lajan depo a; oswa
- Komèt tout zak ki reprezante yon vyolasyon lwa Federal oswa Eta pou objektif itilizasyon, prezantasyon, transfè, akizisyon, resepsyon, posesyon oswa trafik avantaj SNAP, kat otorizasyon oswa dokiman yo ka re-itilize yo itilize nan sistèm Transfè Avantaj Elektronik (EBT).

Anplis sa ki annaprè a pa otorize e, ou ka pa kalifiye paske ou resevwa avantaj SNAP ak/oswa ou sijè a amann pou aksyon yo ki enkli:

- Itilize oswa ou gen an posesyon w kat EBT ki pa pou w san konsantman mèt kat la; oswa
- Itilize avantaj SNAP pou achte atik ki pa manje, tankou alkòl oswa sigarèt, oswa pou peye pou manje ou te achte deja a kredi; oswa
- Otorize yon lòt moun itilize kat transfè avantaj elektronik ou (EBT) an echanj pou lajan kach, zamafe, aminisyon oswa eksploziv, oswa dwòg pou achte manje pou moun ki pa manm nan kay SNAP la.

**Remak:** Toulède aplikan ak/oswa reprezantan otorize yo sijè a amann ki annaprè yo.

Siyati Aplikan:	Dat:
-----------------	------

Kòm yon reprezantan otorize, mwen rekonèt enfòmasyon ki endike anwo a.

Siyati Reprezantan ki gen Otorizasyon:	Dat:
--	------